

# ÈSKE

## LOJMAN OU PA GARANTI?

ÈSKE W AP  
VIV NAN  
YON ADRÈS  
KI TANPORÈ?

OU GENYEN  
DWA  
ESKOLÈ KI  
ENPÒTAN!

### ÈSKE W AP VIV...

- avèk fanmi w, zanmi, oubyen lòt moun akòz ou pèdi kay ou oubyen akòz difikilte finansyè?
- nan yon refij?
- nan yon motèl oubyen lotèl akòz ou pa gen okenn lòt kote pou w ale?
- nan yon lojman ki pa apwopriye?

### NAN KA SA A OU KA JWENN PWOTEKSYON ANBA LALWA MCKINNEY-VENTO A!

#### Timoun ak jèn moun ki nan lojman tanporè genyen dwa pou:

- rete nan menm lekòl la, ikonpri lekòl prematènèl, epi jwenn transpò gratis menmsi li andeyò limit distri a;
- enskri lekòl touswit san dosye (dosye akademik, dosye medikal, dosye vaksinasyon, prèv rezidans);
- jwenn sèvis edikasyon espesyal touswit si elèv la genyen yon Plan Edikasyon Endividyèl (IEP) pou kounyen an;
- patisipe nèt nan aktivite lekòl yo, avèk tou nan aktivite anvan ak apre lekòl;
- jwenn sèvis sipò ak èd pou bagay tankou founiti lekòl atravè Tit I;
- jwenn repa nan lekòl la san l pa bezwen ranpli yon aplikasyon;
- jwenn èd pou enskri nan prematènèl, Head Start, lòt pwogram prematènèl, ak pwogram Entèkansyon Bonè pou Timoun Piti; epi
- jwenn èd pou prepare ak pou aplike pou kolèj.

**Mande lyezon McKinney-Vento  
w la pou l ede w!**



### ÈSKE W TE KONNEN?

**Chak distri lekòl fèt pou genyen yon moun ki sèvi kòm lyezon pou McKinney-Vento ki pou ede elèv yo avèk lojman tanporè.**

#### POU ASISTANS:

- Lyezon McKinney-Vento

Si pa gen anyen ki make, kontakte NYS-TEACHS pou enfòmasyon sou lyezon an nan 800-388-2014 oubyen ale nan [www.nysteachs.org/liaison](http://www.nysteachs.org/liaison)

- Kowòdonatè Leta New York pou Edikasyon Moun ki Sanzabri  
**Melanie Faby**  
**Imèl:** [melanie.faby@nysed.gov](mailto:melanie.faby@nysed.gov)  
**Sitwèb:** [www.p12.nysed.gov/accountability/homeless](http://www.p12.nysed.gov/accountability/homeless)

Pou plis enfòmasyon, rele  
**NYS-TEACHS 800-388-2014**  
[www.nysteachs.org](http://www.nysteachs.org)



**NYS-TEACHS**  
NEW YORK STATE TECHNICAL AND EDUCATION  
ASSISTANCE CENTER FOR HOMELESS STUDENTS